


Transportation Transformation

N ap konekte Kominote yo Grasa Chwa Transpò

TRAVAY SOU PLAN ALONTÈM POU TRANSPÒ AN KÒMANSE



ANGAJMAN 2040

pèmèt moun deplase · kreye travay · bay kominotè yo plis fòs

Organizasyon pou lbanizasyon Zòn Metropolitèn nan Broward la ap pran mezi pou li mete ajou Plan Alontèm pou Transpò (LRTP) li a. N ap rele LRTP a **Angajman 2040** (Commitment 2040) e li pral kapitalize sou pwen fò nou genyen onivo transpò, idantifye feblès yo epi rekòmande aksyon pou envesti nan amelyorasyon nan transpò ki **pèmèt moun deplase, kreye travay epi bay kominote nou yo plis fòs** pandan 25 lane k ap vini yo.

Apatide kounye a jouk rive mitan ane 2014, nou pral travay ansanm avèk kominote nan Konte Broward yo pou devlope **Angajman 2040** la. Lèfini, nou pral kowòdone avèk MPO Miami-Dade ak Palm Beach yo pou devlope yon plan transpò reyjonal. Pou w ka patisipe, tanpri, ale sou sit entènèt nou an nan www.Commitment2040.org. Sit entènèt la pral sèvi kòm yon platfòm pou ou ka pataje ide w yo sou ki amelyorasyon nou bezwen fè, epitou pou w ka pataje opinyon w sou fason nou ka pi byen itilize sistèm transpò nou deja genyen an.

Broward MPO a pral organize yon seri sesyon enfòmasyon pandan peryòd devlopman **Angajman 2040** la. Nou vle pou nou pataje kesyon nou yo avèk ou epi pou nou aplike respons w ap bannou yo yon fason pou nou ka satisfè objektif ak bi mityèl nou yo. Tanpri, vin patisipe nan premye sesyon enfòmasyon nou an k ap fèt prentan pwochen, epi kontinye ale sou sit entènèt nou an souvan pou ka konnenfòmasyon soulè ak ki kote kap gen reyinyon alavni. Plis ou kontinye patisipe, se plis ou pral vin gen detay sou dènye enfòmasyon nou dekouvrir ak sou solisyon yo, e w ap resevwa regilyèman dènye enfòmasyon yo ofiramezi plan transpò an ap devlope nan mwa k ap vini yo.

Opinyon w bay la pral ede detèmine avni mwayen transpò ou itilize nan Sid Florida. Ide w yo pral ede nou mete sou pye yon sistèm transpò eksepsyonèl ki pral bay moun chwa e k ap vin yon fyète pou nou. Nou vle pèsonalize **Angajman 2040** pou li non sèlman ede w rantre lakay ou pi vit apre yon jounen byen chaje, oswa pou mennen pitit ou lekòl alè, men tou

pou nou asire livrezon machandiz ak sèvis yo nan magazen lokal nou yo ak nan mache global la. Avèk yon sistèm transpò divèrsifye e ki solid, Broward ka transpòte moun, bay sitwayen I yo plis aksè pou yo jwenn opòtinite **travay epitou bay kominote lokal yo plis fòs, paske li rann li pi fasil pou nou konekte youn ak lòt.**

**PATISIPE EPI
ANREJISTRE KOUNYE A**
sou sit entènèt nou an
www.Commitment2040.org
oswa rele Paul Flavien,
Manadjè Pwojè a, nan
954-876-0045

KISA KI LADAN L

- **Etid sou Transpò nan Rejyon Lès-Lwès Broward Santral**
- **Edikasyon ak Sèvis kominotè MPO**
- **Èske Ou te Konnen?**



Vis-Majistra Richard Blattner
Prezidan, Broward MPO
Vil Hollywood, Distrik 4

Nesaj Prezidan an

Pandan m chita jis kounye a m ap souke tèt mwen lè m ap gade travay m ap fè sou Plan Alontèm pou Transpò an 2035 la, e ke m fin abitye ak ide a, kounye la a se wè mwen wè vin gen Plan Alontèm pou Transpò an 2040 (2040 LRTP), ke yo rele Angajman 2040 (Commitment 2040) la ki prezante, jan w li l sou kouvèti bilten an. Mwen te gen yon manadjè ki limenm te konn panse ke planifye alontèm se detèmine ki kote pou nou al manje manje midi, epi kounye a y ap mande nou pou nou reflechi sou planifikasyon pou 28 lane k ap vini yo? Li difisil anpil pou imagine kijan Konte Broward pral ye lè sa a. Diminisyon ak ogmantasyon nan to kwasans popilasyon Florida a si tèlman depanne faktè nou pa ka kontwole.

Tèlman gen kesyon fondamantal planifikatè ak otorite eli yo gen pou yo adrese. Ki efè chanjman klima a pral genyen? Èske kominote toupatou nan zòn kotye yo ap oblige deplase al lòt kote? Èske yo pral chwazi Florida, ki limenm gen pwòp pwoblèm pa l sou kesyon monte nivo lanmè a? E ekonomi nasyonal ak lokal la? Èske lè sa a n ap toujou kontinye depann anpil de touris ak akeyi moun? Èske sistèm edikasyon nou yo ap kontinye pwodwi kalite ak kantite anplwaye kalifye ke biznis ak endistri yo di yo bezwen yo?

Kèlkeswa sa k ap fèt la, MPO yo pa ka tann jouk rive mitan ane 2039 pou yo kòmanse reflechi sou responsabilite yo genyen pou yo mete anplas sistèm transpò ki san danje, ke moun ka konte sou yo, ki ekonomikman efikas e ki ekologik. Nan refleksyon ak planifikasyon n ap fè pou lavni, Broward MPO a fè yon travay mayifik dèske li soti nan aplike yon modèl tradisionèl kote se te annik asfalte la a e fè sa kounye a, epi kounye a li pase a yon modèl ki enkli ayewopò, pò maritim, sistèm transpò kolektif, sistèm tren, sistèm transpò kolektif adapte ak liy pou bisiklèt. Li enteresan pou n wè ke kounye a n ap aprann ke jenerasyon pi jenn yo pa angaje yo otan sou kesyon posede yon machin, yo renmen itilize transpò publik, yo vle viv nan milye iben, yo anvi gen fleksibilite nan fason yo viv, e yo pa espere kenbe yon travay pou lavi, ale wè pou lontan, epitou yo pito tann yon bon tan anvan yo marye ak fè pitit. Chanjman reprezante tout bagay. Mwen panse li enpòtan pou nou idantifye kèk ladan yo ki nan jenerasyon sa a e ki ka pran wòl dirijan ki pral ede nou tout pou nou elaji kiryozite entelekyèl nou ak vizyon nou e pou se yo ki vin planifikatè ak manm MPO k ap travay sou Plan Alontèm pou Transpò an 2050 (LRTP 2050) la. Sa m panse sèke y ap chanje tout bagay. Mwen ta renmen la lè sa a pou m ka wè sa.

EDIKASYON AK SÈVIS KOMINOTÈ

Le 9 septanm, Direktè Egzekitif la, Greg Stuart te pale nan evènman « South Florida 20/20 (Sid Florida 20/20) » Greater Fort Lauderdale Realtors (Ajan imobilye nan zòn metropolitèn Sid Florida) te òganize. Greg te patisipe nan yon chita tandem sou « Sa ki esansyèl la (The Bottom Line). »

Le 11 septanm jouk rive le 14, Greg Stuart, Direktè Egzekitif la ak Chris Ryan, Ofisiye Enfòmasyon Piblik/Kowòdinatè Tit VI, te patisipe nan Konferans Anyèl 2012 Òganizasyon Planifikasyon Metropolitèn Amerikèn (2012 American Metropolitan Planning Organization's Annual Conference) te òganize nan Saratoga Springs, New York. Yo prezante inisyativ Complete Streets TOUCH la (Inisyativ pou Ri Konplè ki fè patide pwogram Annou Transfòme Sante Kominote nou yo [TOUCH]), **ki nan foto pi ba a.**



Le 16 oktòb, James Cromar, Planifikatè sou Kalite Devi a te patisipe nan Konferans Rail-Volution la avèk ekip sistèm tren modèn Vil Fort Lauderdale la, the Wave, ki te prezante nan youn nan sesyon konferans yo.



Le 1ye novanm, Priscila Clawges, Planifikatè pou Transpò an, te patisipe nan yon seremoni revolisyònè Vil Lauderhill la te òganize pou Pwojè nan Koridò 19th Street la (19th Street Greenway Project). Sa a se yon egzanp Pwojè Amelyorasyon nan Transpò, kounye a yo rele Pwogram Altènativ onivo Transpò (Transportation Alternatives Program) ki nan « Lwa Annou Avanse Pi devan pou Pwogrè nan 21yèm Syèk la (Moving Ahead for Progress in the 21st Century Act) » (MAP-21). Prezidan Broward MPO a, Richard Blattner ak Majistra Vil Lauderhill la, ki se yon manm nan MPO a, Richard Kaplan, **nan foto ki pi wo a.**

EDIKASYON AK SÈVIS KOMINOTÈ (SWIT)


Le 7 novanm, Greg Stuart, Direktè Egzekitif la, ak Chris Ryan, Ofisyen Enfòmasyon Piblik/Kowòdinatè Tit VI la, te patisipe nan reyinyon ki te fèt nan lè dejene a e kote yo te diskite sou Ri Konplè nan Broward yo; reyinyon an te fèt nan bibliyotèk prensipal Broward la. Greg te entwodui oratè yo ki te, Mike Delucca, Prezidan ak Direktè Jeneral Konsèy Planifikasyon Rejyonal nan domèn Sante nan Broward, ak Ryan Snyder, enstriktè sou konsepsyon mezi sekrite pou pyeton nan Administrasyon Otowout Federal ak manm Komite Direktè pou Kowalisyon Nasional Ri Konplè yo. Ale sou sit entènèt la nan www.BrowardCompleteStreets.org.

Le 3 desanm, Greg Stuart, Direktè Egzekitif la, te pale nan 18yèm Dejene Anyèl sou Transpò nan Sant Vil Fort Lauderdale la, Komite Òganizatè Asosyasyon ki Jere Transpò (TMA) a te òganize nan Sant Teyatral Broward (Broward Center for the Performing Arts). Nan dejene sa a oratris donè a, manm kongrè Debbie Wasserman Schultz te la tou.

Manm kongrè Debbie Wasserman Shultz nan foto a avèk manmpèsonèl MPO yo, Priscila Clawges ak James Cromar nan dejene TMA ki te fèt 3 desanm lan.




ETID SOU TRANSPÒ NAN REJYON LÈS-LWÈS BROWARD SANTRAL



Nan reyinyon mwa oktòb la, Broward MPO a te seleksyoné Alènativ Lokal Prefere a pou Etid sou transpò nan rejyon lès-lwès Broward Santral la. Konsèy la pase yon rezolisyón pou apwouve aliyman Griffin Road la avèk yon sistèm tren modèn, men foto a la a.

Etid sa a se yon pwojè enpòtan pou Broward. Avèk apwobasyon yo bay tou lòt jou pou Sistèm Tren Modèn Wave la www.wavestreetcar.com nan Fort Lauderdale, pwojè sa a pral sèvi kòm yon ekstansyon pou Wave la, e

I ap pèmèt yon koneksyon rejyonal e I ap kreye premye sistèm transpò eksepsyonèl nan direksyon lès-lwès nan Broward la. Aksyon Konsèy la te pran nan mwa oktòb la te nesesè pou nou te ka pase nan pwochen faz etid la, sa ki pral defini plis detay, sétadi anplasman estasyon yo, pwojeksyon sou kantite moun k ap sèvi avèk sistèm transpò piblik la, estimasyon pri, plan operasyon ak devlòpman plan finansye ak plan emplémentasyon, jan nou montre l la nan grafik « Pwochen Etap » la. Ou ka ale tou nan sit entènèt pwojè a pou gen plis enfòmasyon, www.centralbrowardtransit.org.





Eskane Kòd QR sa a pou ale sou sit
entènèt nou an nan www.browardMPO.org

REYINYON KI PLANIFYE

	JAN 2013	FEV 2013	MAS 2013	AVRIL 2013
Òganizasyon pou Ibanizasyon Zòn Metropolitèn nan Broward (MPO) Rankontre chak 2zyèm jedi a 9:30 a.m.	Pa gen reyinyon	14	14	11
Komite Kowòdinasyon Teknik (TCC) Rankontre chak 4yèm mèkredi a 2:30 p.m.	23	27	27	24
Tabwonn pou Patisipasyon Kominotè (CIR) Rankontre chak 4yèm mèkredi a 6 p.m.	23	27	27	24
Konsèy Administrasyon pou Kowòdinasyon nan Broward County (BCCB) Rankontre chak 3zyèm lendia a 2 p.m. lè yo planifye I	28*	Pa gen reyinyon	18	15

* Dat sa yo chanje akozde konje oswa konfli

Yo òganize reyinyon yo nan Biwo Konsèy Administrasyon Broward MPO (Broward MPO Board Room) la, Swit 850, nan lokal Trade Centre South la.

Nap ankouraje patisipasyon publik la kèlkeswa ras li, koulè po li, orijin natif natal li, laj li, sèks li, reliyon ni, andikap li oswa estati familyal li. Moun ki bezwen akomodasyon espesyal selon Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act: ADA) oswa moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis) dwe kontakte Christopher Ryan nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org. Si w gen pwoblèm pou tandem, telephone nan 1 (800) 273-7545 (TDD).

Si w bezwen plis enfòmasyon sou reyinyon ki pral fèt yo, sou kouman pou pote plent, si w gen kesyon oswa enkyetid sou dwa sivil oswa non-diskriminasyon; oswa si w gen demann espesyal selon ADA, tanpri kontakte: **Christopher Ryan, Ofisyè Enfòmasyon Publik/Kowòdinatè Tit VI nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org.**

Tanpri remake: Reyinyon TCC ak CIR yo chanje pou ane 2013 la, kounye a y ap fèt 4yèm mèkredi chak mwa, epi reyinyon TCC yo ap fèt kounye a, a 2:30 p.m. olyede 2:15 p.m.

ÈSKEW TE KONNEN?

**YONGRENN MESAJ TÈKS OSWA
YONGRENN KOUT TELEFÒN KA
DETWI TOUT BAGAY**

Yon gwo epidemi danjere k ap pwopaje nan Lamerik aktyèlman se kesyon moun ki distrè pandan y ap kondwi sou wout yo. Pou ane 2010 la sèlman, gen plis pase 3,000 moun ki mouri nan aksidan machin kote moun kit ap kondwi yo te distrè.

Pa gen okenn mesaj, okenn kout telefòn, oswa okenn bagay ki merite pou moun kondwi pandan yo distrè. Pote kole avèk FDOT ak patnè l yo pou nou tout pran angajman pou sekirite a.

Pwochèn fwa ou dèyè volan an, tousenpleman DEPOZE L!

Si w bezwen plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit entènèt la nan www.distraction.gov.